

TATA PANGIBADAH MINGGU PASKAH III

18 April 2021

Gedung Induk Papringan GKJ Ambarrukma

(Warni liturgis pethak, simbol/logo kembang Lily)

1. Pacawisan : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. Liturgos : Lumbet dhateng altar lan nyumet lilin utami warni pethak ingkang paling inggil, kalajengaken mbikak pangibadah.

“Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti Yesus, Pradataning Pasamuwan ngaturaken sugeng rawuh dhumateng Bapak, Ibu, tuwin Sadherek sadaya, wonten ing pangibadah wekdal punika, ugi tumrap Bapak, Ibu, lan Sedherek-sedherek ingkang nindakaken pangibadah lumantar giyaran Live Streaming ing kanal Youtube GKJ Ambarrukma, kula aturaken sugeng nyuraosi pangibadah wonten ing papan dunungipun piyambak-piyambak.

Saderengipun lumebet ing pangibadah, kepareng kula ngaturaken saperangan pawartos Minggu, 18 April 2021, ingkang kaanggep wigatos. Mekaten suraosipun:..... (**Maosaken pawartos ingkang penting...**).

Mekaten pawartos minggu punika lan jangkeping pawartos saged dipun waos piyambak wonten ing pawartos on-line Multimedia GKJ Ambarrukma.

Pasamuwan ingkang tansah nresnani Gusti ugi dipun tresnani Gusti Yesus, sumangga pangibadah wonten ing wekdal punika kita purwakani kanthi bingahing manah, suwawi kula aturi jumeneng, lan ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Kristen 93 : 1 lan 3** (*Kidung Pasamuwan Kristen sangangdasa tiga pada setunggal lan tiga*) **“Pangatag Ngabarake Injil”**

- (1) Sumangga pra kanca misungsungkan gesang nggih dadya pramitra rencanging Pangeran martosken Injilnya pangluwaran sing dosa mring saliring bangsa mrih samya wilujenga.
- (3) Injil kabar suci yeku sihing Gusti den undhangna tansah sajagad sumrambah tyang mblasar ing lampah wah kang wangkot ing manah tinuntun mratobat nampenana sih rahmat.

Kidung kawiwitan, Imam, Pengkotbah lan Penulis lumebet dhumateng altar, Imam kalajengaken masrahaken Alkitab dhumateng Pengkotbah.

3. Votum tuwin Salam Karaharjan

(*Pasamuwan Jumeneng*)

- Pendeta : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten :
- Sadaya : **Pitulungan kawula pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pendeta : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu lan sadherek sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /**
A min, A min, A min.

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. **Lektor : maosaken Sabda Introitus : Lelakone Para Rasul 3 : 12 - 19 (Pasamuwan Lenggah)**

Lektor : **“Mekaten sabdanipun Gusti”**

Jemaat : **“Puji sokur konjuk Gusti”**

5. **Liturgos : “Pasamuwan ingkang kinasih wonten ing Gusti, katresnanipun Gusti Allah saestu nyata wonten ing kita sadaya, awit pangurbananipun kita saged uwal saking dosa-dosa kita, sanadyan kita sampun nyalibaken Gusti Yesus lumantar tindak-tanduk kita. Sumangga, kita sambet sabdanipun Gusti kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen 8 : 1, 2, 4** : (Kidung Pasamuwan Kristen wolu, pada setunggal, kalih, lan sekawan) **“Allah MaAsih”****

(1) Allah Maasih asung putranya
Allah Maasih mring manungsa.

Reff :
mila kula ngidung Allah Maasih
Allah Maasih mring manungsa.

(2) Gusti ingutus dadya pamarta, Gusti ingutus nebus kula.....Refr:

(4) Gusti marasken salir prihatin, Gusti nyirnakken ajrih kwatir.....Refr:

6. **Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Yokanan 15 : 9 - 13**

7. **Imam : Pacawisan Pamratobat**

“Bapak, Ibu, saha Para Sedherek kinasih, minangka jalma ingkang tinitah nglampahi gesang, kula lan panjenengan sadaya sampun nampi titah saking Gusti, supados nresnani sesami kadosdene Gusti sampun tresna dumateng kita. Ananging punapa kita sadaya sampun saged nyembadani punapa ingkang dados pepakenipun Gusti? Kathah ingkang dereng saged kalaksanaan, pramila sumangga, kanthi andhap asor kita sami nglenggana punapa ingkang dados kekirangan lan kalepatan kita wonten ngarsanipun Gusti. Kita cawisaken manah kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Kristen 51 : 1 lan 2** (Kidung Pasamuwan Kristen seket setunggal pada setunggal lan kalih) **“Gusti Pananggal Kula”**

(1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti
temahan den sucekna, wit rahe kang suci.

Refr:
Sang Kristus Gusti, Panebus yekti,
nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur.

(2) Dhuh Gusti Pamarta mung kwasa Paduka
ingkang saged ngluwari kula saking dosa.....Refr:

8. **Imam: Pandonga Pamratobat**

Sumangga kita sowan Gusti lumantar pandonga pamratobat:

“Gusti Allah ingkang maha wilasa, kawula sowan wonten Ngarsa Paduka, kanthi kebak ing panelangan, amargi mboten saged nyembadani kanthi sae punapa ingkang dados dhawuh lan pepaken Paduka. Kawula dereng saged nresnani sesami kawula, kadosdene Paduka nresnani kawula. Pramila dhuh Gusti, kawulu nyuwun lumunturing sih wilasa lumantar pamratobat kawula. Sadaya dosa mugi Paduka apunten, sadaya kekirangan mugi Paduka cekapi, lan sadaya cacating gesang Paduka pulihaken. Mekaten atur pamratobat kawula dhuh Gusti, ingkang kawula aturaken lumantar Juru Wilujeng kawula Gusti Yesus Kristus. Amin.”

9. **Pendeta : Pawartos Sih-Rahmat : I Yokanan 3 : 1a**

10. **Pendeta : Pangatag-atag Gesang Anyar : Lukas 24 : 47 - 48**

11. Liturgos : “Pasamuwan kinasih, pawartos sih rahmat lan pangatag-atag gesang anyar ngemutaken bilih Gusti tresna dhumateng kita satemah kita dipun sebat putranipun Gusti. Pramila kita nggadhahi jejibahan kagem mawartosaken punapa ingkang sampun dados pakaryanipun. Kita sanggemi kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen 61 : 1 lan 2 :** (*Kidung Pasamuwan Kristen suwidak setunggal pada setunggal lan kalih*) **“Allah Yeku Pangen Satuhu”**..... (*Pasamuwan kula aturi jumeneng*)

(1) Allah yeku pangen satuhu
pangrehnya nentremken kalbu
kula tansah rinimatan
srana sagung ing kamirahan.

Refr:

Ing juranging pati tan wedi bilai
wit Gusti pribadi kang nganthi
nadyan mengsah kathah manah
datan semplah berkah tansah rumentah
mung kabegjan saha kadamman
ngiring salaming gesang
sarta kula badhe manggen tansah
ing daleme Sang Yehuwah.

(2) Ayem manah lan nyawa kula ingayom ing sihing Gusti,
sarta tinuntun astanya ing margining bebener yekti.....Refr:

(Liturgos : Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

12. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) Pendeta : maosaken **LUKAS 24 : 36b - 48**

b) Pendeta : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**

Pasamuwan : 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |
Hale- luya Hale - luya Hale - lu - ya

c) Tema : **“Mratobat saha Mujudaken Paseksi Bab Wungunipun”**

d) Tujuan : **Jemaat memahami panggilannya sebagai saksi kebangkitan Kristus yang didasari pertobatan nyata yaitu hidup yang berpusat dan terarah pada Tuhan.**

13. Imam : mimpin kempaling Pisungsung

“Pasamuwan kinasih, minangka tiyang ingkang ngrumaosi bilih gesang punika amargi katresnanipun Gusti, sumangga kita sami dados pasesksi wungunipun Gusti tumrap sesami kita.

Minangka pangucap sokur awit katresnanipun Gusti, kita aturaken pisungsung kanthi tetales saking **Rum 12 : 1 - 2** (*Rum kalih welas ayat setunggal lan kalih*) ingkang mekaten suraosipun: **“Kang iku para sedulur, marga saka sih kamirahane Gusti Allah, aku pitutur marang kowe, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparenge Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sajati. Lan kowe aja madha rupa kaya jagad iki, nanging padha salina marga saka budimu kaanyarake satemah kowe bisa niteni apa kang dadi karsane Gusti Allah, apa kang becik, kang andhakake keparenge Gusti Allah kang sampurna.”**

Pisungsung wekdal punika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana rumah emeritus. Pisungsung wulanan lan mirunggan saged dipun lebetaken salah satunggaling kanthong.

Kempaling pisungsong kinanthen repening **Kidung Pasamuwan Kristen 185 : 1** -- (*Kidung Pasamuwan Kristen satus wolungdasa gangsal pada setunggal dumugi sacekapipun*) **“Pisungsong Konjuk Mring Allah”**

- (1) Konjuk mring Kang Maha agung kawula sung pisungsong
cihnaning bingahing manah wit berkahing Allah
sumengka wah sinengkera lan temen rineksa
dadya srana munpangati mrih kamulyaning Gusti.
- (2) Konjuk Allah kang Maluhur kawula saos sokur,
kebabaring raos urmat wit tansah rinimat,
dalah gesang kula mugè kagem dening Gusti,
dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah
- (3) Konjuk ing ngarsaning Allah kawula sung panrimah,
tandha ajrih asih kula wit gung sih rahmatnya,
mugi Gusti nggih karenan temah binerkahan
dadya margi Kratoning Allah binabar neng bumi

14. Pendeta : Pandonga Syukur lan Syafaat

15. Liturgos : “Pasamuwan ingkang dipun tresnani lan nresnani Gusti, sumangga kita nglairaken pangaken dhumateng Gusti sesarengan kaliyan umat ing salumahing bumi, kanthi **Pangaken Pitados Rasuli**, pasamuwan kula aturi jumeneng....

- a) **Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.**
- b) **Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.**
- c) **Inkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.**
- d) **Inkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.**
- e) **Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.**
- f) **Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,**
- g) **Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.**
- h) **Kawula pitados dhateng Roh Suci.**
- i) **Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.**
- j) **Punapa-dene pangapuntening dosa.**
- k) **Tangnipun raga.**
- l) **Sarta gesang langgeng.**

16. Pendeta : Paladosan Berkah

17. Liturgos : “Pradataning pasamuwan ngaturaken gunging panuwun dhumateng Pendeta **Nani Minarni** lan sadaya paraga ingkang nyengkuyung lampahing pangibadah punika, inggih punika PPJ, organis, lektor, saha tim live streaming.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi sukarena, matrapaken sabdanipun Gusti wonten ing gesang padintenan. Kagem njagi kasarasaning gesang saking sadaya sesakit, sumangga kita tansah tertib matrapaken protokol kesehatan 5M, memakai masker, mencuci tangan, menjaga jarak, menjauhi kerumunan, dan mengurangi mobilitas.

Pangibadah katutup kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen 164 : 1 - 3** : (*Kidung Pasamuwan Kristen satus suwidak sekawan pada setunggal dumugi tiga*) **“Agunging Sih Rahmat”**

- (1) Sestu adi wah gung yekti sih rahmat sing Gusti
nylametken kula tyang dosa dyan tentrem raharja.
- (2) Nggih sih rahmat kang sung begja mring tyang kang pracaya,
sing pejah wit rehing dosa mangkya gesang nyata.
- (3) Sih rahmat niku sung padhang mring manah kang lesah,
nuntun tyang mursal wah nglambrang setya bekti Allah.

18. Liturgos : “Sugeng dinten minggu, Gusti tansah paring berkah.”